



Majistra Michelle Wu
Diskou sou Eta Vil la • 9 Janvye, 2024
Prepare pou delivre

Bonswa, Boston!

Mwen vle remèsyè òganizatè nou yo nan Ale Mizik MGM (MGM Music Hall) —Red Sox ak Gwoup Mizik nan Fenway a—ansanm ak tout entèprèt ki la aswè a paske yo ede nou kominike ak rezidan nou yo nan uit lang aswè a.

Gouvènè Healey ak ofisyè konstitisyonèl yo; Prezidan Konsèy Louijeune avèk Konseye Vil yo, Chèf Robinson ak Komite Lekòl Boston yo; Reprezantan Leta, Senatè ak ofisyèl konte yo: Mèsi pou kolaborasyon ou.

A tout rezidan nou yo, nan tout katye: Mèsi pou opòtinite—ak onè—pou-m sèvi-w.

Mwen pa tap kapab la a san fanmi-m: Conor, Blaise, ak Cass... mwen renmen nou.

E Vil nou an pa tap la a san anplwaye nou yo nan Vil la, ak kolaboratè travayè ki reprezante yo : Se yon kado pou-m travay ansanm avèk ou chak jou.

Twa semèn de sa, mwen tap mache desann sou Talbot Ave nan yon gwo selebrasyon: charyo ak otobis ak yon kamyon plat ki chaje avèk bag jèn atlèt yo kap flache epi yap montre trofe yo; vvazen yo bat bravo nan fenèt ak balkon yo; fanatic yo vole nan chèz kwafè yo pou yo vin jwenn nou nan lari a; Tout sa se pou yo te selebre premye chanpyon nasyonal Pop Warner Boston yo: ekip Gwoup selebrasyon pou Ekip Atletik Dam yo (Lady Raiders) nan Boston... ak Ekip Fouthòl Jèn Elite Eagles nan Dorchester.

Epi aprè parad la ak selebrasyon an nan Klib Ti Gason ak Ti Fi (Boys and Girls Club) la ak denye tranch pitza a, mwen remake Terry Cousins—ki travay nan vil la chak jou, “Antrenè Beefy” chak wiken—ki chita poukont li, epi menm gwo linèt solèy li a pat kapab kache dlo ki tap koule desann nan figi-l.

Li di sa a pran 19 an pou-l fêt. Yo ale nan Floride 18 fwa avan sa. Kat fwa, yo te rive nan final. Yo pèdi nan pwolongasyon ak doub pwolongasyon. Men yo pa janm sispann ale yo te refize abandone.

Epi kounyea, yo fè istwa. Epi pandan nou tap mache nan tout Dorchester nan jou sa a, mwen te wè nan zye chak antrenè ki fyè, avèk koekip, ak sipòtè depi premye jou yo—espri ki briye nan chak kwen nan Boston...

Kran ak kouraj, ak bon sans kominate a ki pouse nou simonte enposib la—pou moun nou renmen yo ak kote-n rele lakay nou.

Se espri sa a ke mond lan pi bezwen kounyea, lè anpil bagay parèt enposib: lapè ak sekirite, pwosperite ak estabilite; fyète nan demokrasi nou an, ak espwa pou yon demen ak yon tikras plis limyè.

Mond lan bezwen prèv ke Boston kapab ofri: Ke nou kapab kreye yon kominate kote chak fanmi jwenn lajwa ak apatenans—ke nou kapab kreye yon avni ki pi briye si nou refize abandone.

Konsa chak jou, nan Boston, nou ale travay e nou fè pwogrè nan pwoblèm ki kanpe devan nou yo. E chak jou, pwogrè nou yo envite mond la jwenn nou nan reyalize bagay ki nouvo.

Pandan ke vil nan tout kote ap batay avèk kriz opiyòd ak moun ki san abri yo, Vil Boston refize abandone lasante ak estabilite pou chak moun. Ekip nou yo bati relasyon yo ak Mass ak Cass, epi yo envesti nan plis kabann ak sèvis nan tout vil la. Avèk kowòdinasyon ke nou pat atann, nou bay yon rezulta ke yo pat atann: Jodia tant yo pa la ankò, epi yo mete nan kay dè santèn moun epi yo so wout pou yo geri! Mèsi pou Swen Sante nan Boston pou moun ki san abri yo, Sant Medikal Boston, DMH, Eliot, Newmarket BID, Pine Street Inn, Victory Programs, ak tout lòt kolaboratè nou yo pou pwogrès nou fè ak pwogrè nap kontinye fè.

Nan tout peyi a, vil yo konsidere Boston tankou limyè prensipal pou sekirite kominotè. Dezan pase, ofisyè nou yo ak manm kominotè yo diminye vyolans avèk zam nan nivo ki pi ba ke nou genyen nan dosye-n. Ane pase nou fè-l nan yon lòt nivo ki pi ba ankò epi epi nou refize abandone mete fen nan vyolans toupatou nan vil nou yo. Nou envseti nan

sipò pou moun ki pran chòk, gerizon, ak yon plan sekirite ke kominote a dirije avèk moun ki pou bay sèvis yo, dirijan reliye ak rezidan yo.

Epi nou negosye yon kontra ak lapolis ki pa tankou lòt yo: nou vini ak opòtinite detaye ki peye, envesti nan edikasyon ofisyè yo, epi fini avèk pratik arbitraj la kòm yon fason pou anile disiplin pou pi gwo krim yo. Lè nou ratifye kontra sa a, majorite ofisyè nou yo vote pou kenbe tèt yo nan yon estanda ki pi sevè pou yo pran responsabilite yo epi kreye yon egzant nasyonal pou règleman kominote a.

Ane pase, BPD te pran plis pase 800 zam nan lari a, ponpye nou yo te etènn dife nan plis pase 300 batiman, epi Anbilans Boston (EMS) te reponn 130,000 apèl ijans. Nou te gradye nouvo klas lapolis ki genyen plis divèsite *ak* kadè nan istwa Boston; nou lanse premye pwogram kadè Anbilans Boston (EMS) nan de dizènn ane, epi nap akeyi *premyè fwa* premye klas kadè Ponpye nan Boston. Tanpri èske tout kadè nou yo kapab kanpe? Mèsi, e mèsi ak tout premye sekouris nou yo pou sèvis ou bay moun Boston yo.

Nan tout mond la, Boston se nimewo en nan endistri kap alimante avni nou: syans lavi yo ak swen sante, teknoloji klima a ak inovasyon —de denye dekouvèt Vertex fè sou medikaman pou doulè san -opiyòd, ak dènye solisyon ArkeaBio pou diminye emisyon metann. Ane pase, nou lanse yon kolaborasyon 10 milyon dola pou konekte rezidan nan Boston avèk pwofesyonèl syans lavi pou divèrsifye ak ranfòse endistri a. Epi yon gwoup chèf antrepriz yo te reyini ansanm avèk Vil la pou fokis sou travayè nou yo —kijan nou kenbe ak atire talan, apwofondi kolaborasyon ant biznis ak gouvènman. Mèsi a kominote biznis nan Boston yo paske nou montre chemen an nan nivo nasyonal, epi kolabore pou nou fè yon diferans isit lakay nou.

Plizyè fwa e ankò, nou pwouve ke se nou menm kap fòme lavni an. Epi chak jou nap swiv pwomès Boston pou-l vini yon vil vèt kap grandi pou tout moun.

Ane pase, mwen te pwomèt pou-m entèdi gaz fosil nan nouvo biling yo nan Vil la, epi nou te fè sa: déjà yap konstwi, de nouvo sant kominotè ak de bibliyotèk yo pap genyen gaz fosil. Ane sa a, nap entwodwi zòn ki pap genyen kabòn ditou, sa ap fè Boston vini premye vil kap emèt yon enèji ki pwòp nan nasyon an. Epitou mwen fyè pou-m anonse ke, avèk National Grid, nou pral lanse nan Boston premye rezo sistèm jewotèmik nan kominote Franklin Field la.

Ane pase, mwen te pwomèt ke Boston tap fè plis efò pou sèvi avèk kontraktè Vil la pou ranfòse richès nan kominote nou yo, epi nou te fè sa: nou double montan lajan nou akòde ak biznis moun ki gen koulè yo posede avèk konpayi ki fonde nan Boston yo. Nou se youn nan sèl vil nan nasyon an ki genyen yon pwogram mache sekirize pou lite kont

inegalite rasyal nan kontra. Epi na prale pi lwen ak sa avèk yon envestisman 9 milyon dola pou ranfòse kapasite biznis lokal yo pou yo fè konpetisyon ak pi gwo kontra.

Ane pase, mwen te pwomèt pou-m kontinye batay pou Boston jwenn yon plas nan Konsèy MBTA a, epi nan mwa Out, Lejislati ak Gouvènè a te ba nou dwa sa a. Mèsi a kolaboratè leta nou yo, ak novo reprezantan konseye Boston an, Mary Skelton Roberts. Pou-n lite kont trafik, nou mete a jou règleman twotwa yo epi nou itilize machin aprantisaj pou detekte kilè ak ki kote trafik la pi mal epi amelyore siyal yo pou debloke koridò ki enpòtan yo.

Ane pase, mwen te pwomèt gwo chanjman nan Ajans Planifikasyon ak Devlopman nan Boston. La a, tou, nap di ke: nou restriktire Ajans Planifikasyon ak Devlopman nan Boston (BPDA) pou ogmante planifikasyon ak konsepsyon, kòmanse evalyasyon modènizasyon devlopman an, epi nou lanse premye refòm rezonifikasiyon nan dizèn ane. Planifikasyon Plas (Squares) ak Lari yo ap kòmanse mwa pwochen epi an Jiyè epi nap tranzisyone anplwaye Ajans Planifikasyon ak Devlopman nan Boston (BPDA) a nan Vil la—restore planifikasyon kòm fonksyonman debaz Vil gouvènman an. Planifye pou yon avni ki pi abòdab, ekitab ak sekirize pral ede nou ak pwoblèm ke vil yo ap fè fas toupatou. depeple sant vil, trajè yo pat atann, pri kay yo ki fòse fanmi yo kite. Nou lanse yon pwogram chanjman de biwo ak rezidansyèl ki déjà atire pwopozisyon pou transfòme uit biling komèsyal a lojman nan sant vil la. Epi nou ranpli magazen vid yo avèk 24 biznis lokal yo—Soti BoldSkin Babe a Flourish ak Foundry—kreye 300 novo travay.

Nou envesti plis nan atizay ke nou te janm fè avan—atizay piblik, pèfòmans atizay ak evènman pou fè kominote a rankontre an pèsòn. Nan mwa kap vini yo, nap genyen plis ke nou dwe fè ansanm pou-n kontinye ale pi devan. Epi ekip Vil nou yo pral kontinye travay pou sèvi chak kominote. Ane pase: Pou chofè yo, nou bouche plis pase 7,000 twou. Pou lòt, nou ouvri pisin ki fèk renove nan East Boston ak Dorchester, epi nou pral ouvri sèt lòt ankò. Pou pasajè yo, nou ajoute Bisiklèt elektwonik ak Bisiklèt Ble (Bluebikes). Epi, pou moun kap kache —epi chèche yo—nou koupe riban an nan uit lakou rekreyasyon ak pak. Pou sendika yo, nou pase yon òdonans sekirize pou konstwiksyon. Epi pou novo inifikasiyon, nou se premye Vil nan Massachusetts ki fè lisans mariaj disponib pou tout sèks.

Pou lektè yo, nou pwolonje lè yo nan 21 bibliyotèk, pou moun ki kouri machin vit yo, nou konstwi plis pase 300 novo dodann nan lari nan katye yo.

Epi, pou nèf ane afile, sante finansyè nou an pèmèt nou pran twa A, ki fè nou genyen pi bon pousantaj posib pou-n konplete pwojè Vil yo—Soti nan Sant Kominotè Curley rive nan bibliyotèk Faneuil. Ane sa a, nou pral inogire yon novo estasyon Anbilans (EMS) a de etaj nan Seaport, epi koupe riban pou yon novo kay ponpye Engine 17 nan Meetinghouse Hill.

Se gras ak moun Boston yo aswè a mwen kapab di ke: Eta Vil nou an solid. Se pa paske pwoblèm ki rete yo senp oswa piti. Men se paske yo anpil epi yo enpòtan, epi nap avanse pou-n rankontre avèk yo!

Ane pase, nou te otorize yon pousantaj lojman ki afòdab nan pi wo nivo nan plis ke yon dizèn ane, epi apwouve preske 7,400 inite pou devlope nan lavni .

Nan mwa Jen an mwen te rankontre ak Giselle Jimenez pandan ke li chita devan yon pil paye ki pi enpòtan nan lavi-l: Kòm yon selibatè ki te leve nan men yon manman selibatè nan Devlopman Mary Ellen McCormack , li te di mwen ke se te toujou rèv li pou-l te kapab genyen pwòp kay li. De pitit gason-l yo te rete touprè li pandan ke-l tap siyen dokiman pou-l soti nan kay leta pou-l ale nan yon bèle kay nan Hyde Park avèk yon lakou pou yo kapab kouri. Felisitasyon ak tout moun ki achte kay pou premyè fwa ki la aswè a.

Nan mwa Oktòb, mwen te kanpe nan yon sousòl ki potko fini nan Roxbury, mwen te admire chak panse yo an detay de yon novo Inite ak Akseswa pou rete ke Mark Kennedy te konstwi pou manman-l Peggy ki te genyen 89 ane. Li gade-l plizyè fwa kap batay pou-l monte mach eskalye yo nan bilding li te rete a, donk li te kolabore avèk Vil pou konstwi yon novo kay pou li nan sousòl pwòp lakay li. Madam Peggy, mwen byen kontan ke ou genyen yon bèle novo plas touprè pitit gason-w lan ki renmen-w. Pou ede plis fanmi nan plizyè generasyon tankou Mark, ane sa nou pral eliminate difikilte yo pou rezidan yo kapab konstwi Lòt Kay Adisyonèl (ADU) nan tout vil la epi sipòte kontraktè lokal pou ede yo konstwi.

Soti nan Chinatown rive nan West Roxbury: lojman publik yo rann li posib pou anpil nan ansyen nou yo, epi veteran ak rezidan ki andikape yo rete nan vil nou yo, epi pou anpil nan jèn timoun nou yo kapab grandi isit la—enkli de nan novo Konseye Vil nou

yo. Mwen byen kontan pou-m anonse ke ane sa a, nou pral jwenn lokasyon pou apeprè 3,000 novo kay piblik pou-n bati nan pwochen dizèn ane yo—epi gouvènman federal la pral bay plis ke 100 milyon dola pa ane pou antreteni yo.

Nan tout vil nou yo, yo deplase twòp fanmi lè envestisè prive yo achte biling apatman yo an. Poutèt sa nou lanse yon fon pou rann biling apatman sa yo abòdab pou tout tan—ki double sikse nou ane pase nou ede 114 fanmi rete lakay yo nan East Boston. Ane sa a nap deplwaye fon pou pwoteje 400 lòt fanmi nan tout vil la.

Men kòm yon manman ak yon paran BPS —mwen konnen pou-n kapab reyèlman yon pi bon vil pou chak fanmi, nou bezwen bay jèn pèp nou yo mond la: nan sal de klas, nan kominate, epi nan chak kwen nan vil nou an.

Boston se bèso edikasyon piblik—fonde sou kwayans ke tout moun dwe genyen konesans. Men nou poko reyalize vizyon sa a. Pandan ke ane sa fè senk dizèn ane depi ke tribunal federal te òdone desegregasyon nan lekòl nou yo, reyalite se pou dizèn ane avan, fanmi Nwa yo te deja ap batay pou BPS sèvi chak elèv. Nan twòp katye nou yo dezenvestisman yap batay pou li a pèsiste jiska jodia agrave pa chòk, tranzisyon ak dezòd nan dizèn ane ki pase yo.

Men, aswè a, mwen kapab di sa, anba lidèchip Sipètentandan Mary Skipper, BPS nan yon pi bon pozisyon pou double vizyon fanmi ak aktivis yo ki refize sede: pou fè lekòl Piblik Boston premye chwa pou chak fanmi nan Boston, avèk pi gwo estanda nan edikasyon ak klas mondyal pou aprann.

Aprè dizèn ane reta nan envestisman, nap bati ak renove biling lekòl yo pou reflete aspirasyon etidyan nou yo: laboratwa syans dènye modèl, espas pou atis pèfòme, kazyé ki apwopriye pou Chanpyon Vil la. Jodia, dis gwo pwojè kapital nan wout—plis ke yo te konstwi nan karant ane ki pase yo, ansanm.

Epi, mèsi pou 20 milyon dola sibvansyon EPA a—nou pral ajoute 50 otobis elektrik pou plis ke double flot nou. Mèsi Administretè Rejjonal EPA David Cash, ak ekip Transpòtasyon BPS la pou ede nou delivre yon transpò ki an sante pou elèv ak chofè otobis nou yo.

Anplis biling ak otobis yo, edikasyon ki pi bon an kòmanse depi nan nesans. Chak ane, vil ki tout peyi a vizite Boston pou etidye kijan nou sipòte timoun pití nou kap aprann.

Nou anboche ak ankadre antrenè edikatè ki pi kalifye avèk evidans baze sou enstriksyon sou distraksyon ak angajman fanmi; epi nou itilize metòd ansèyman ki baze sou jwèt kòm prèv. Ane lekòl sa a, nou pwolonje Preskolè Inivèsèl a 390 fanmi adisyonèl, epi finanse sètifikasi pou 430 novo edikatè pou timoun. Epi, nan prentan sa a, nou pral lanse yon gichè inik pou rann li pi fasil pou fanmi yo kapab jwenn ak enskri nan gadri.

Nan tou distri a, nou genyen yon akademik inifye ki fokis sou ansèyman ekitab fonde sou li syans epi aplike-l nan chak matyè. Nou ajoute espesyalis pou lekti ak antrène alfabetizasyon, epi fòme edikatè ak novo materyèl ak liv ki reflete kilti elèv nou yo ak lang yo ...Epi rezulta yo pale pou tèt yo : kontrèman ak tandans nan tout nasyon, isit nan Boston, absans kwonik lan ap dekline epi etidyan yo ki benefisyé de novo kourikoulòm nou an ap rive nan nivo kap fè yo fè siksè.

Nan tout peyi, yo konnen Boston paske li ofri edikasyon pandan tout ane a ak opòtinite pou jèn nou yo. Ane pase, nou vize konekte 7,000 jèn moun nan travay ki peye pou ete a—olyede sa nou atenn preske 10,000. Ane sa, nap etann li “apran epi genyen” travay kap peye elèv BPS yo pou kapab pran klas pou kolèj pandan ete a..., epi nap garanti yon travay pou elèv BPS ki vle youn.

Nan Lekòl segondè yo, nap ranpli yon misyon, pou-n konekte prekolèjyen ak pwofesyon aprantisaj a chak etidyan: Kolèj Kominotè Bunker Hill ap etann wout pou prekolejyen nan Lekòl segondè nan Charlestown High School a tout kò etidyan yo. Kolèj Kominote Roxbury pral lanse premye enkibatè pre-kolèj pou etidyan ki pale plizyè lang nan Lekòl Segondè Anglè (English High), Margarita Muñiz, ak BINCA. E Mass General Brigham pral kolabore avèk Edward M. Kennedy Academi nan Domèn Sante pou transfòme karyè ki lye avèk aprantisaj.

Aswè a mwen kontan pou-m anonse ke UMASS Boston siyen yon antant avèk BPS pou-l fè Lekòl Segondè BCLA-McCormack premye Lekòl Inivèsite Kominotè Rigoure ke distri a Asiste. Ansanm, nap bay etidyan lekòl segondè nou aksè dirèk ak resous UMass yo, patnè edikatè yo nan toude enstitusyon yo, epi kreye yon sèl wout pou randre nan UMass Boston pou gradye nou yo...pandan ke nap renove yon kanpis lekòl segondè modèn nou entegre nan kominote Columbia Point la. Mèsi a dirijan BCLA-McCormack Ondrea Johnston, Chanselye Suárez-Orozco, ak toude ekip yo!

Travay nou se pou-n sèvi jèn yo ale pi lwen ke mi lekòl nou yo. Ane pase ansanm ak kolaboratè nou yo nou te ede 500 etidyan jwe yon enstriman, bay plis pase 1000 lesson pou naje, epi anseye plis pase 500 jèn timoun kijan pou yo monte bisiklèt.

Epi, ete pase, Boston nou te make yon gwo objektif: jwenn yon nouveau franchiz pou Lig Nasyonal Foutbòl Feminen an 2026! (National Women's Soccer League in 2026)! Avèk patnè nou yo nan Gwoup Foutbòl Inite nan Boston (Boston Unity Soccer Group), nou kontan pou renove Istorik Estad Blan nan Franklin Pak (White Stadium at Franklin Park) nan premye espò nan peyi a ki pral pran alafwa ekip espòtif ak pwogram atletik lekòl piblik. Etidyan nou yo pral genyen yon klas tèren mondyal vèt, uit liy trak, nouveau kazye, ak espas ki kondisyone pou yo rele lakay yo. Nou pral kreye tou yon nouveau fon soutyen pou atlèt BPS atletik pou kouvri depans pou inifòm, materyèl adisyonèl ak transpòtasyon espesyalize.

Men Franklin Park plis pase lakay pou pwochen generasyon chanpyon Boston yo: Pou fanmi-m ak anpi lòt yo, pa genyen yon plas majik nan vil la, avèk pon istorik ki an ròch; sante bwaze; ak espas kominotè nou renmen. Men pi gwo pak Vil nou an te soufri paske yo envesti ladann pou dizèn ane. Ane sa a, nou pral aji nan rekòmandasyon Kowalisyon Franklin Park ak manm kominotè pou kòmanse restore Franklin Park nan tout potansyalite li. Nou pral anboche yon administratè pou pak la epi sis nouveau anplwaye pou antretyen, fè-l rive nan nivo plis pase 25 ane. Epi nap kòmanse pwosesis kominotè a pou reimagine ak envesti nan kay Elma Lewis Playhouse.

Chak jèn moun merite grandi nan yon vil avèk anpil espas ki pouse janm nou yo kouri —ki raple noun respire byen fon epi gade syèl la. Anpil espas yo ki pwovoke mevèy, kiryozite, ak lajwa pa genyen limit. Men kèk nan yo genyen:

Donk mwen vle rakonte-w yon denye istwa, konsènan yon manman ak pitit fi li.

Manman te nouveau nan peyi sa a —li tap adapte-l ak magazen alimantè yo ki brye ak enpossibleman gwo, pawòl byen vit ki sòti nan bouch etranje ki antoure-l yo, chaje ak koub apik ke lang li pa kapab fè. Li pa genyen ase lajan, epi sa li pa toujou genyen pou-l bay mari-l ak pitit fi-l yo kap grandi.

Men, jou sa a, youn nan bagay sa pa enpòtan, paske se yon Madi-epi nan Madi, gwo mize atiz anba lavil la gen admisyon gratis. Se konsa, li la avèk pitit fi li a, nan yon ti pouset woz, fikse sou yon tablo nan yon falèz plen flè sovaj. Epi, nan moman sa a,

manman sa a ki pa gen okenn lajan ak mo nan lang sa a santi-l tankou pi bon manman sou tè a paske li te bay pitit fi li a mond lan pou yon jou.

Li rakonte istwa a ak pitit fi li pandan lap grandi: “Cheri, ou pa sonje lè-w te piti, ou te akonpaye manman an nan galri atizay yo. Nou toujou pase tan ansanm chak Madi.” (“弭弭，你不記得 小時候陪著媽媽一起看畫，每個禮拜二跟媽媽在一起。”）Aprè sa, pitit fi li souri nan lanmou manman l ak fyète li, ki ranpli tout espas ak fè ou santi ou tankou lakay ou.

Aswè a, pitit fi li a ap anonse yon nouvo pwogram pou timoun toupatou nan Boston, pou yo santi yo lakay yo tout kote yo ki montre yo mond lan. Kòmanse nan mwa Fevriye, nan premye ak dezyèm dimanch chak mwa, elèv Lekòl Piblik nan Boston (BPS) (Boston Public School) yo ak fanmi yo ap jwenn admisyon gratis nan Mize Bèl Atizay, Enstiti Atizay Kontanporen, Mize Syans, Mize Timoun nan Boston, Akwariòm Nouvel Angletè, ak Zoo Franklin Pak (Museum of Fine Arts, Institute of Contemporary Art, Museum of Science, Boston Children's Museum, New England Aquarium, and Franklin Park Zoo)!

Mèsi a chak trezò kiltirèl sa yo pou tout sa ou vle di pou vil nou an, epi paske wap travay avèk nou pou pwolonje eritaj ou nan fè Boston yon vrè plas pou jèn yo ak fanmi yo.

Paske “lakay” plis pase yon lojman—malgre se yon bon kòmansman: Ajoute yon pak anba nan lari a pou timoun yo kapab kouri...epi yon inite nan sousòl la pou granma kapab viv touprè, fè-l vin yon plas ou kapab anrasine, epi konnen ke lap fleri. Antourel ak lekòl ki enspire ak konekte. Ouvri pòt la gran pou bay kominote a mond lan. Lè vwazen genyen anpil, fè yon parad.

Lakay se tout ti pwen limyè yo ki fè demen briye. Se plas la—epi se moun yo—ou refize sede. Mèsi a nou tout paske nou fè Boston lakay nou.

Bondye Beni Vil la—ak moun—nan Boston.